



Pou Piblikasyon Imedya: 19/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI KOREKTIF IMEDYA POU KONPAYI SÈVIS PIBLIK YO SWIT APRE ECHÈK POU REPONN AK TANPÈT TWOPIKAL ISAIAS

Konpayi elektrik yo fè fas a sanksyon sevè ak revokasyon franchiz

Premye rezilta yo souliye zòn ki bezwen koreksyon imedya epi enkli pèsònèl inadekwa pou evènman tanpèt, echèk nan kominike enfòmasyon ki egzat bay piblik la ak pàn teknoloji yo

PSEG-LI pral pèdi prèske 10 milyon dola nan konpansasyon pou ankourajman an

Depatman Sèvis Finansye pral travay ak Depatman Sèvis Piblik nan ede ak investigasyon kontinyèl

Gouvènè Cuomo pral pwopoze lejislasyon tou pou akselere ak klarifye pwosedi pou revokasyon franchiz yo

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) Eta New York te konplete premye faz nan investigasyon li nan yon tan rekò nan efò preparasyon ak restorasyon sèvis piblik ki gen rapò ak tanpèt twopikal Isaias. Kòm rezilta, Depatman an te voye lèt [Avi Vyolasyon Aparan](#) bay kat founisè sèvis elektrik — Con Edison, Orange & Rockland, PSEG LI ak Central Hudson — ak founisè sèvis telefòn, kab ak entènèt Altice-Optimum ki kounye a fè fas a sanksyon sevè epi yo dwe pran mezi korektif imedya pou echèk similè yo pa repete pandan rès sezon siklòn lan. Sa a se premye fwa DPS lanse pwosesis ankèt la ak Avi Vyolasyon Aparan, epi yo ap sere boulon pwosesis ankèt la soti nan 12 a 24 mwa abityèl la a sèlman 6 mwa.

DPS toujou menase pou pouswiv revokasyon franchiz pou Con Edison ak Orange & Rockland ansanm avèk revokasyon kontra PSEG-LI avèk LIPA si ankèt la jije li apwopriye. Gouvènè Cuomo te mande Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) ki gen gwo kapasite investigasyon, pou travay avèk DPS pou amelyore revizyon li sou sèvis piblik sa yo epi pou pi byen kenbe yo responsab. Gouvènè Cuomo pral pwopoze lejislasyon tou pou akselere ak klarifye pwosedi pou revokasyon franchiz yo. Li pral adrese kesyon ki gen ladan pwopriyete ak transfè byen tankou soustasyon, kab ak kamyon pou asire ke yo pa chaje kontribyab yo ki te finanse yo ankò nan ka yon nouvo operatè pran mayèt la.

"Repons a tanpèt twopikal Isaias pa sèvis piblik elektrik yo te konplètman inakseptab. Kenz jou apre, epi nou toujou ap tandè plent nan men fanmi yo ak biznis yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Avèk anpil semèn ki rete nan sezon siklòn lan, nou pa ka ap pèdi tan — sèvis piblik yo dwe aji imedyatman pou ranje aparèy repons nan kad tanpèt ki kraze yo, ak Depatman Sèvis Piblik dwe aji pi vit pou kenbe sèvis piblik yo responsab. DFS ap ede DPS nan investigasyon sa a paske mwen vle yon investigasyon pi vit ak pi konplè pase sa yo te fè nan tan pase yo. Mwen pral pwopoze lejislasyon tou pou fasilite, akselere, ak klarifye pwosesis pou yon sèvis piblik pèdi franchiz li. Konpayi sèvis piblik sa yo predi lè nou pral gen tanpèt ak lè nou pral gen ijans - sa a se fòm atistik biznis lan epi se pou sa nou peye yo. Yo bezwen fè pi byen e nou ap kenbe yo responsab."

Espesyalman, DPS te site Con Edison ak Orange & Rockland pou kominikasyon ki pa egzat, pwoblèm sit wèb, ak pre-miz ansèn inadekwa; yo te site PSEG LI pou echèk nan sistèm jesyon pàn li yo, kominikasyon ki pa egzat ak pwoblèm ak sant apèl li a; ak Santral Hudson te site pou kapasite kominikasyon inadekwa nan sant done bakòp li a, ki lakoz sit entènèt yo vin pa disponib pou kliyan yo. Altice-Optimum aparamman pa te swiv plan ijans li yo ki gen rapò ak deplwaman jeneratris ak pwotokòl kominikasyon, pou nou site echèk sa yo sèlman.

DPS te fè apèl tou a PSEG LI pou li renonse ak konpansasyon 2020 li an ki apeprè 10 milyon dola kòm yon premye etap ak pou itilize resèt la pou konpanse fanmi yo ak ti biznis yo ki te pèdi manje ak medikaman akòz rezilta pàn pwolonje yo, epi PSEG LI te dakò fè sa.

Pàn kouran dwpwent nan Eta New York akòz Tanpèt Twopikal Isaias te atenn apeprè 920,000 kliyan, epi apeprè 1.3 milyon kliyan New York eksperimante pàn kouran pandan evènman an.

Eta a ap mande sèvis piblik yo pou antreprann plizyè mezi korektif, tankou:

- Ajoute kapasite ekipaj atravè kontra detantè ki soti nan antrepriz prive oswa sèvis piblik ki sitiye an deyò New York, ak yon objektif pou kapab garanti avan yon tanpèt rive doub nivo ouvriye entèn yo ak ekip pou pye bwa yo;
- Kapasite tès nan tout sant kòmand yo, sant apèl ak sant kòmand bakòp pou asire kapasite pou jere yon evènman ki afekte 90 pousan oswa plis nan kliyan yo nan teritwa sèvis yo epi yo bay konfimasyon an retou nan Depatman an konsènan rezilta tès sa a nan 10 jou;
- Amelyore plan kowòdinasyon avèk minisipalite yo ki te fèt pou adapte a chak konte (netwayaj wout, lyezon lokal yo, elatriye) epi bay Depatman nan 20 jou yon konfimasyon alekri ki soti nan chak Sant Operasyon Ijans konte yo ke yo konprann epi aksepte plan an; ak
- Mete ajou lis ekipman sipò Ipou siviv ak lis enfrastrikti esansyèl yo pou retire oswa ajoute kliyan jan sa te idantifye pandan Tanpèt Twopikal Isaias epi depoze lis ajou sa bay Depatman an nan 10 jou.

Depatman an te idantifye plizyè vyolasyon potansyèl ki gen rapò ak repons tanpèt Altice-Optimum nan ba rejyon Hudson Valley ak Long Island, ki gen ladan echèk nan kowòdone repons pou ijans ak otorite lokal yo, echèk kominikasyon, ak kapasite jeneratè ensifizan pou rezo payo. Lèt Depatman an mande pou Altice-Optimum san pèdi tan remedye pwoblèm sa yo epi bay avi ke ankèt la pral gen ladan yon revizyon si wi ou non konpayi an vyolasyon ak dekrè 2016 Komisyon an ki apwouve akizisyon Cablevision li.

Anplis de voye avi vyolasyon bay sèvis piblik ak Altice-Optimum ki mansyone anwo a, Depatman an te enfòme lòt gwo sèvis piblik elektrik Eta a yo tou — NYSEG, National Grid, ak RG&E — pou garanti ekipaj siplemantè ke yo ka deplwaye nan ka ta gen yon ijans, pou teste kapasite sant kòmand sèvis piblik la, sant kòmand bakòp la, ak sant apèl pou asire kapasite pou jere yon gwo evènman (kote plis pase 90 pousan kliyan afekte yo) nan teritwa sèvis yo; epi pou depoze plan netwayaj ak lyezon wout ak chak sant operasyon ijans chak konte, mete ajou lis kliyan ki itilize ekipman sovtaaj lakay yo, epi mete ajou lis enfrastrikti esansyèl yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)